

# Brase Kabrit Daye

**Dat fokis gwoup la fèt 31 Desanm 2018**

## **LIST PATISIPAN**

Bertrand, Bertha, fi, 49 ane 4, Brase,elvaj 5 em Ane, 4 timoun

Romelus, Joel Gason, 58 ane 4, Brase,elvaj 4em ane, 8 timoun

Louisidor, Focil, Gason, 46 ane, 2, Brase,elvaj, 0, 7 timoun

Saint louis, Elistaine, Gason, 62 ane 9, Brase,elvaj segond , 3 timoun

Metelus, Wilfrid, Gason, 48 5, Brase,elvaj 6em ane. 12 timoun

## **ENTWODIKSYON**

**Nou akonpanye de Madam Island avek Fred, n'ap fe yon travay pou HERPER avek eee Brasè kabrit nan zòn nan.Nou sot fèl avèk gadò kabri men aktyèlman n'ap fèl avèk ee brasè kabri ee toujou se nan kad devlopman nan zòn yo. Paske Herper, misyon'l se, fe entèvansyon a karaktè devlopman ee nan zòn yo. Donk nou konn travay nan kaptaj dlo kom nou konnen HERPER deja. Ok. Donk nou ba nou nimewo sa ki genyen non nou anrejistre sou li deja donk nou pa bezwen bay non nou ankò. Chak fwa nou ap pran la pawòl nou ap jis bay nimewo nou avan nou pale, nou mèt mete nou alèz pou nou pale. Bon patisipasyon ! ok ? Madam Island ou mèt pale.**

Piblik: oke.

**Konnya la, kesyon mwen ta renmen poze nou etan ke brasè, oubyen elvè. ki kalite kabrit nou achte ? kisa nou gade nan kabrit la pou nou achte'l pou nou gade ?**

#4: kabrit n'achte pou nou gade.

**Islande: Nimewo 4,pale yon tijan pi fò.**

#4: kabrit pou nou gade.

**Ki tip de kabrit nou achte ? piti ? jèn ? gwo ? ?**

#4: Wi n'achte jèn kabrit,kabrit ki gen avantaj. Femèl kabrit ki gen avantaj n'achte pou'n gade.

**OKe, e nou menm mesye yo?**

#3: Bon, sa se nimewo 3 k'ap pale.

**Islande : En hen**

(Bri yon moto ki ap avanse)

#3: Lè n'al nan mache, n'al achte yon kabrit pou nou gade,nou gade kabrit la nou gade tete eekabrit la,nou gade ki avni kabrit la ka genyen,kòman'l ka devlope si l'ap devlope byen nan men nou pou'l kapab ban nou avantaj. E nan fason sa nou gade pou n'achte kabrit la. Nou pa achte eee nenpòt kabrit eenh ! nou wè nan mache non. Pafwa gen kabrit la w'achte, genyen s'on sèl ptit li konn fè. E genyen'k gen ras 3 ladann. Si w'ap...

**kouman ou fè konnen lè li se ras 3 ?**

Ou di ou gade tete'l, kòman'w gade tete'l ? Kisa ou wè nan tete'l ?

#3: Bon nou gade,m'gade nan nan mamèl kabrit la,nan mamèl la konbyen tete'l genyen,epiiii.. pafwa ou gen dwa achte yon kabrit ki gen 3 tete li pa janm fè 3 piti t. Li ka fè 2,li ka fè youn. Pafwa ou ka achte yon kabrit tou li ka fè yon sèl ptit nan premye pòte a epi nan dezyèm pòte li fè 2, nan twazyèm nan li fè 3,se selon ;se selon ras kabrit la tou.

Uh-Hmm, oke. Kiyès k'ap pale ankò ?

# 12: Wi nimewo 12.

### **Nimewo 12**

#12: Lè m'al achte yon kabrit, m'toujou achte kabrit ki bél. M'gade sou plim kabrit la, si plim li pa frize, depi plim li ou wè plim nan bay yon mòd jan rouj, lii.. e plim pa swa, konnen di kabrit sa li menm s'on kabrit ki gen pou. saaa m'pa achte'l, m'toujou achte kabrit nou wè ki gen grand tay. Sa vle di, kabrit sa l'ap devlope yon kadè.

### **pou'n al revann ?)Ok, kijan nou gade yon kabrit nou ap achte**

#3: Bon nou gade, bon #3 k'ap pale. Nou gade avni kabrit la tou, èske kabrit la se yon kabrit ki bél li ye ? paske ou konnen tout sa'k bél depi'l rive nan mache li pap ret atè. Se konsa nou, nououou... achte yo. nou pa achte nenpòt ti kabrit moun frize ti kabrit tiratay, paske si'w met yon lajan deyò ou dèyè yon avantay nan lajan an. Si'w achte yon kabrit, pa egzanz pou 400 dola (2000 goud) oubyen 500 dola (2500 goud), fo'w te ka vann li 600 (3000 goud), 700 dola (3500 goud), pou'w kapab fè yon benefis sou kòb ou met deyò a.

### **Oke. E ou, ou pa pale ditou non nimewo 7.**

#7: M'tachte yon kabrit nan mache dayè kabrit la te gen 2 tete. On femèl kabrit, dèyè manman. Konnya la, lè kabrit la vin fè, li mande parèy, m'al mete'l kot bouk, konnya la li vin plenn li vin fè ptit konnya li fè 3 ptit. li gen 2 tete, li fè 3 ptit. Konnya la ras kabrit sa yo, se tan, ki touye yo.

### **Anh Sa vle di se pa fòseman nonb de tete yon kabrit genyen ki detèmine konbyen ptit l'ap fè ?**

(plizyè moun ap reponn an menm tan)

#7: Poul, pou'l fè ptit.

#4: Nimewo 4 k'ap pale. Kabrit,w'ap achte kabrit brasè,ou pa achte kabrit tche tche kouche,lè w'al nan mache w'achte kabrit tche kanpe.

### **Poukisa ?**

#4: Depi machann nan rive,depi w'al nan mache ak yon kabrit tche kouche li pa si tèlman gen lavant.

### **Sa ki genyen nan tche kouche a ki fè'l pap vann ?**

#4: Men lè tche kabrit kanpe kabrit la bèl li gen valè.Men depi'w wè kabrit la bese ti tchel li pa gen valè.

#7: Se yon ti kabrit kraze.

### **Li ka sanble yon kabrit malad ?**

#4 ak #3 reponn : Wi.

**Eske sa konn rive n'achte yon kabrit nou pa gentan rive nan lòt mache avèl,li mouri ?**

#4: Bon sa rive.

#3: Bon, sa sa sa rive,men li pa rive fò souvan.

### **Nimewo 3 sa ki konn fè sa rive lè konsa?**

#3: Bon,sa pèmèt diran trajè ke w'ap fè ak kabrit la,kabrit la gen dwa pase mizè nan wout li rive mouri, li rive nan mache a'l mouri.

**Tankou nou menm ki se brasè Dayè,ki kote nou al achte kabrit ? ki kote nou revann yo ?**

#3: Bon, nou konn achte Milfò, n'al revann jis Mafran,epi nou konn revann isi a tou Aleyon,Dayè.

(Gen vwa lot moun ki t'ap reponn ansanm ak nimewo #3)

## **Men ki kote nou achte ?**

Piblik:Milfò

### **Milfò !**

#3: Nou achte nan mache Milfò le lendi,swa le mèkredi nou al nou al Mafran avèk yo,ou byen lè vandredi sak pa vann Mafran nou tounen Dayè la avèl. E pafwa nou konn achte Dayè tou n'al vann eee... Mafran, sèl bagay nou pap achte'l dayè lè fini pou'n monte Milfò anko al vann li ankò. Paske se prèske brasè sot anba isit k'al achte Milfò, wè.

#4: Gen de pafwa n'al Leyon non plis,n'achte Leyon,nou vann Leyon,(vwa yon patisipan ki di : Nou vann Leyon nou vann Previle)n'achte Dayè,nou vann Dayè,n'achte Letre,nou vann Letre. Depi nou wè nou g'on salè sou li nou vann li. E gen de pafwa nou konn desann Mafran ak komès la nou pa jwenn lavant nou monte avèl ankò. (#3 :" e pafwa tou nou..."") E gen de pafwa nou desann Mafran nou achte nou vin vann isit la tou.

#3: Pafwa nou gen dwa achte kabrit la Milfò n'al nan mache avèl,si'l n'al pran Mafran avè'l,nou pa jwenn pri nou pèdi sou (#4 di : manman lajan an),nou wè n'ap pèdi sou manman lajan nou an. Pafwa tou nou konn al Mafran avè'l pa gen lavant nou vann li kredi ak yon seri de machann anba k'ap touye epi nou monte mèkredi n'al pran lajan.

**Hmm, ok.**

## **Ok eske nou pa konn rankontre difikilte nan koze achte kabrit la, tankou la eske pa ekzanz leta pa konn ba nou pwoblèm pou afè papye ?**

#3: Se nòmal,depi w'al achte yon kabrit nan yon mache,menm si'w achte 10 kabrit fòw gen papye tou lè 10 kabrit la.Paske lèw rive mafran y'ap mande'w otorizasyon tou lè 10 kabrit la (Vwa Islande ki di : Lese pase a ?),lèse pase ya,fòw bay lèse pase tou lè 10 .

### **E si ta gen youn ki pèdi ?**

#3: Si gen youn ki pèdi, bon se,se, ou konnen se se ou'k fè defisi a (#4 di : anvan'w antre),genyen'k konn,genyen'k konn pèdi wi,gen bann kabrit la ou konn mennen la ki fonn kòl nan bwa,ou konnen'w paka mennen tout nan men'w,se youn ou mare ou met

devan tout lòt la yo ap swiv li,epi youn voye kòl nan bwa la ou pa wè'l,ou pa wè'l, ou tou pèdi sa wi.

### **Ok ki kantite kabrit ou ka mennen pa jou, pou pi plis ?**

#3: Aah,ou ka mennen nenpòt 10,15 kabrit.

### **Oke, nimewo 3 ki pi plis kabrit ou konn mennen nan mache ?**

#3: Pafwa m'konn mennen 10,15.

### **Islande : Oke, ki pipiti kantite ou konn mennen ?**

#3: Sa vle di nou la, nou nou nou vlope kòd yo,kòd la yo nan kou yo epi yap swiv lòt la yo.

### **Ki pipiti ou konn mennen ?**

#3: Pi pitiii !! petèt, ou konnen tout mache yo, genyen ki gen plis eee.,plis bêt pou vann,genyen ki gen mwens,gen de pafwa wale si, sa'w jwenn nan ou pran'l,si'w jwenn 5 ou achte'l,si'w jwenn yon sèl tou ou achte'l,ou jwenn 2 tou w'achte 2 a.

### **Konbyen kòb sa koute nou pou nou fè papye pou kabrit la ? Lese pase se sa ?**

Patisipan pa idantifye: Wi lese pase.

#8: 50 kann goud,pou papye a.

### **Tout kabrit menm pri ?**

#8: Wi.

#3: Depi e kabrit 50 goud.

Oke

**Ok ant moun ki ap achte kabrit la ak moun ki ap vann li an kiyès ki peye lese pase a ?**

Patisipan pa idantifye: Moun ki vann nan (plizyè moun ap di moun ki vann lan ak patisipan an). Moun ki vann nan, um-hm

**Ebyen konsa nou toujou vann li yon fason,pou nou tout tire lajan sa ladann ?**

Piblik: wi.

**Kòman nou mennen kabrit yo ? nou toujou gen moun ki ede nou oubyen se toujou nou menm ki mennen yo poukò nou ?**

#8: G'on gwoup moun.

**Nimewo 8.**

#8: G'on gwoup brasè,pa egzant lè'n prale nou len ede lòt ;lè n'ap janbe dlo,nou len ede,sipòte lòt nou travèse dlo a avè yo.

**Eske nou pa konn rankontre a pwoblèm lè nou ap achte oubyen revann kabrit ?**

(yon patisipan touse pandan Islande ap pale)

#8: Wi.

**Ant Brasè wi mwen vle di ? eske pa konn gen pwoblèm ant nou menm ?**

#8: Konn gen pwoblèm, pafwa nou konn achte yo nou,pri y'achte ya yo ,lè n'al revann yo,ou pa vann yo nan menm pri ya yo. (Yon mizik komanse jwe jiskaske #5 komanse pale)Pafwa ,ou konn revann swa avèk lòt moun,moun k'ap tuyé,li di'w li fè pèd,epi gen de jou w'al nan mache ya tou,mache a pa bon,ou paka,ou pa ka vann alèz.

(vwa yon kabrit ki ap rele)#7: Lòt pwoblèm nou ka rankontre ankò, gen,gen brasè yo ki achte andezòd,sa vle di andezòd la,yal bare moun nan nan chemen,y'achte kabrit la nan men'l.Sak rive poutan moun nan se te yon kabrit li te vòlè'l ye, konnya la lè brasè a

menm rive yo konsinye'l ak kabrit sa.Detan pou'l al chèche kote moun sa te ye te vann li kabrit la,moun nan pran egzil.

### **Moun nan chape poul li. ?**

#7: Moun nan chape poul l'ale,li gen dwa pèdi kabrit la nèt,oubyen'l peye sou li ankò.

**Ok. Keson mwen an plis konsène de brasè. Tankou la eske pa konn gen de (2) brasè ki enterese achte yon kabrit epi sa fe ti pale anpil ?**

Piblik: Wi,konn gen pwoblèm sa.

#4: M'gen dwa ap achte kabrit sa,m'bay 400 dola,on lòt vini'l bay 500.

Sa konn koz nou nan diskisyon , nou gen pwoblèm?

#8: Bon ! sa pa fòseman mete 2 moun yo an an difikilte g'on pwoblèm non,sa vle di sa'k bay plis lajan li ka achte'l

Piblik: (li ka achte'l) (wi)

#8: Sil wè li ka fè kòb la, l'achte'l.Mwen menm si'm santi ke si'm achte on kabrit 4,500 dola,m mèt, m'reflechi m'panse m'di petèt lè'm rive nan mache a,m'gen dwa pa vann li, m'pa vann li pou'm fè yon benefis sou li, m'pa achte'l, li menm l'achte'l .E'l gen dwa rive nan mache a vrèman vre li pèdi sou lajan'l lan.

(Yon kout moman silans)

**Ok Pa gen moun k'ap di anyen sou sa ankò? Antan ke gadò, m'ap retounen sou brasè a talè. Antanke gadò eske nou konn itilize lèt kabrit la ?**

(Yon kòk Chante)

#3: Lèt kabrit la ? Wi.

**Kouman nou itilize, banm nimewo'w lè w'ap pale ?**

#3: Nimewo 3

(yon kabrit kòmanse rele jiskaske patisipan an fin di nou Bwè'l)

### **Kijan nou itilize'l ?**

#3: Bon, lè kabrit la fin fè pitit, ti kabrit sa g'on 2 mwa konsa, yo,nou konn tire'l, nou tire'l tankou bèf epi nou bouyi lèt sa,nou sikre'l,nou bwè'l. Lèt kabrit la gen plis vitamin ke lèt vach la toujou.

### **Oke.**

#3: E pafwa gen moun tou ki konn bwè'l kri wi.

#7 ; Louisidor; Focil; Gason; 46 ane; 2 Timoun; Bras'è,elvaj; Ankenn; 39155015: Li bon pou lestomak.

### **Oke Nimewo 7**

#### **Eske nou pa konn vann lèt sa ?**

Piblik: Non

#4: Nou pa konn jwenn pou nou vann,paske sa nou jwenn nan.li pa an grand kantite

Piblik:Li pa an grand kantite.

(Gen yon kabrit ki ap rele pandan #4 ap pale, ki sispann rele lè Islande rekomanse pale)

#4: epi nou konnen se lèt kabrit la ki pou niri ti kabrit la#7: Ou pale twò piti

#4: E Lèt kabrit la ki niri ti kabrit la, nou paaa tire'l twòp.

#### **Hm ,nou kite en pe pou ti kabrit yo ka nouri ?**

#4: Pou'l ka niri tikabrit la paske ti kabrit la pokò ka manje fèy.

#### **Oke,nou menm nou se gadò oubyenbrasè ?**

Piblik: wi.

**Men ki epòk nan mache a nou achte kabrit pi byen,sa vle di kabrit pi ba pri,nan ki epòk n'achte kabrit ?**

#8: Map reponn.

**8**

#8: Nan epòk lekòl pral ouvri, nan mwa septanm ou jwenn li pi meyè, lè lekòl pral konpoze nan mwa'd jen, tout timoun pral nan epòk ofisyèl, lè saw ka jwenn li pi byen. Aprè sa tout lòt lè a yo w'ap toujou achte'l chè.

**oke**

(Gen yon kabrit ki ap rele pandan patisipan an ap pale)

#3: Tankou konnya tankou nan peryòd sa nou ye la, li vann chè anpil anpil.

**Sak fè sa ? nimewo 3.**

Piblik: #3

#3: Eee bon m'konsidere ke li vann pi chè eee nan nan sezon sa paske gen anpil moun tou ki bezwen achte kabrit pou yo gade.

(kabrit la kontinye rele)

#8: Moun sa yo te vann bèf (vwa yon kabrit ki ap rele) nan desanm, (vwa #3 ki di : an desanm) konnya yo bezwen kabrit. An desanm yo vann pi chè. Li vann ba..pil moun ak mache. Konnya yo bezwen achte. Yo vann bèf yo se se an desanm, konnya yo bezwen achte kabrit pou yo re gade.

**Banm poze nou yon kesyon,poukisanou chwazi fè brasè kabrit?**

#8: Bon, si nou... si nou pakab.

**Nimewo 8,e pou ou di nimewo a avan w pale.**

#8: Sak fè'n chwazi'l, seee chak moun g'on komès li fè. 'l pou'l fe 50 goud pou'l peye lekòl pou ptit li. Jis pou nou ede fanmi nou yo nou chwazi vann, achte kabrit la pou'n ka revann pou'n jwenn pou'n peye lekòl pou ptit nou, pou'n fè lòt itilizasyon lakay nou tou.

### **oke, pa gen lòt moun k'ap di anyen ?**

#3: Si w'ap gade...

### **Ki Nimewo'w ?**

#3: Kòm si m'ta di'w ee brasè kabrit la s'on sòt de biznis li ye pou nou. Ou kab f'on mache la ou fè nenpòt 500 dola, benefis. Alò 500 dola sa ou deja wè kisa'w pral fè avèl. ou te gen yon ti moun la yo te voye tounen pou, pou, swa pou yon tenis, ou ka achte tenis la ba li avèl. E an menm tan tou janm te di'w la, ou gen dwa ale ak anh enh enh enh estòk sa ou pèdi, (#4 di : Ou pa fè anyen sou li) ou pèdi sou lajan , ou pa fè anyen ditou swa sèl manman lajan an ou sove.

### **Oke**

#7: Wi #5 m'achte kabrit la, si m'achte kabrit la pou 400 dola, menm kote m'achte'l la m'fin pran papye'm m'rive nan nan chemen m'rive nan chemen la m'jwenn yon 50 dola (250 goud) on 80 dola (400 goud) m'bay li sou li.

#3: Sètadi sètadadi, eee li pa dèyè richès li pa dèyè fotin si'l wè'l achte yon kabrit 400 dola (2000 goud) li rive nan wout li poko enh al vann li non, li jwenn yon moun petèt g'on moun ki bezwen, ki wè kabrit la (#4 di : »Ki renmen'l ») ki renmen'l pou'l gade, konnya'l gen dwa ba'l enh, li gen dwa bal swa enhhh 420 dola (2100 goud), 430 dola (2150 goud) li menm sil pa vle al mache li tou bay li. M'rapple'm ke te gon eleman'k te sot Milfò ak yon bann kabrit, m'gade youn ladan m'wè'l, m'renmen'l m'mande'l konbyen'l t'[achte'l. Li dim li t'achte'l pou 500 dola (2500 goud) m'di'l monchè m'mete 30 dola (150 goud) sou lajan an m'ba ou. Li pran 30 dola (150 goud) a nan menm li banm kabrit la. Sa vle di m'vin peye kabrit la senksaaaan (500)

### **Islande : 530.**

**#3: 530 dola. Se paske m'te renmen'l, pou'm gade.n pwa pou nou revann li ?  
paske nou twouve li twò meg, li pa get epi se nan patiraj nou nou  
kenbe'Eske sa konn rive nou fin achte yon kabri.**

Piblik: Wi.

**#8: Sa se se yon bagay ki repete souvan'd fwa. Gen de kabrit w'achte nan manche se manje'l manke, w'oblige mete'l nan patiraj pou'l manje (vwa yon kok ki chante). Pafwa tou genyen ki malad, nou oblige wè veterinè avè'l ba'l piki epuui pou'n ka repare'l. Ou ka jwenn kabrit ki on tijan fennen w'achte'l. Aprè ou fin ba'l medikaman ou mete'l nan bon manje, ou ka fè'l fè 2 mwa nan men'w 3 mwa nan men'w ou ka jwenn on plis benefis sou li.**

Jackly: Anh gen veterinè nan zòn nan ?

Piblik: Wi

Konbyen veterinarianè ki genyen?

**#8: Nou gen 2. Nou gen nan fòmasyon, nou gen 2.**

(Yon patisipan di ansanm ak nimewo 8 : nou gen 2.)

**Nou konn mennen kabrit yo al kay veterinarianè lè yo malad ?**

Piblik: Wi

Pou yo al pran vaksen?

Piblik: Wi

Oke.

**Ok Keson mwen pral poze nou la enpotan anpil pou mwen. Ant achte kabrit pou nou revann ak fè jaden kiyès ladan yo ki gen plis avantaj ?**

**#8: Fè jaden nou jwenn plis avantaj ladan, poukisa ?nimewo 8, poukisa nou jwenn plis avantaj nan jaden ? nou pap achte manje chak jou. Mmen menm lè'w te gen lajan nan**

men'w w'ap brase (yon kòk ki chante)si w'ap achte manje a chak jou lajan ap fini nan men'w net ou pap gen lajan nan men'w ankò. E menm lè'w ta gade kabrit la ou pa ka tuye yon kabrit chak jou pou'w manje. Ou paka pran yon moso kabrit Chak jou ou manje. Men jaden an,depi'w gen jaden ki gen manje ladan ou ka al ladann chak jou pou'w manje. Donk,eeeelvaj kabrit la oubyen brasè kabrit la s'on oksilyè jaden an'l ye. Se brasè ya oubyen gadè jaden an ka pèemeèet kabrit la kapab pèmèt ou travay pi byen. Ou ka al nan mache ou fè 50 goud,ou fè 100 goud ou ka achte yon ponyèt yon moun travay pou ou.Donk sa vin pèmèt ou ka travay anplus,ou ka vann yon kabrit pou'w travay. E konsa tou lè jaden'w bon tou ou ka vann prodwi nan jadewn' w'achte yon kabrit.

**Kounya mwen ta renmen konnen kòman nou fe ak kabrit nou al achte pou nou revann yo nan peryòd ki gen lapli paske le konsa li dòmi nan men nou pavre vre?**

Piblik: Wi, Ki Kkote nou mete yo?

(yon kòk ki chante)

#8: A lè lib.

Islande : Nou lage yo ?

#8: Bon,si'w se nan on patiraj ou ka lage yo men ou gen teren kote pou'w mare yo, paske nou pa gade kabrit anndan kay.

**Oke**

#3: Chak maten ou gen dwa al chanje kabrit la.Ou chanje'l maten an,aprè midi ou pase kote'l ankò w'al gade si'l pa antòtche pou'l toufe.Ou konn chanje'l 2 fwa,2 fwa par jou.

**Pou jouskaske nou al nou nan lòt mache a avèl ?**

Piblik: Wi

**E lè nou ap achte plizyè, kòman nou fè sa ?**

#3: Bon, non nou nou f, nou chak brasè yo gen dwa g'on pwent yon depo yo achte, yo mare yo menn kote.

### **Lè nou di yon depo, yon kay, oubyen kisa ?**

Piblik: Non se pa yon kay.

#3: Tankou sa, m'te ka di'w sa s'on mache'k pran tout la nèt (yon kòk ki chante). M'gen dwa achte bêt pa'm nan m'chache yon kote, on kote m'jouke yo la (Vwa yon fi di yon pawol ki pa soti klè) onnh enhh m'retire yo anndan mache ya. Brasè sa gendwa enhhh,

### **Ou chache yon poto.**

#8: Weah Brasè sa gen dwa achte yon kantite tou, li chache yon poto li mare li mare yo ladan.

### **Oke**

#3: Ekòm si'm ta di'w tout brasè yo se frè , se kòlèg, (yon fi ki di : E zanmi yo ye youn ap veye sou lòt wi) youn ap veye pou lòt wi. Si pa, Si'l wè youn nan kabrit mwen an soti la l'ap rele'm oubyen'l kenbe'l pou mwen wi.

### **Oke**

#3: E kòmsi m'ta di'w s'on.

### **Chak moun gon plas nan mache ?**

Piblik: Non.

#4: Depi'w te gentan rive w'achte bêt la ou mare'l nan pikèt sa nan pwen moun k'ap vin mare bêt ladann.

### **Nou pa konn ale avèk timoun pou ede nou ?**

#8: Wi, pafwa gen moun ki ale ak timoun pou ede'l mennen yo.

Piblik: Wi

**Timoun sa, ti fi oubyen ti gason?**

#3: Ti gason.

**Nou pa konn ale ak Ti fi ditou ?**

#4: Ti fi ti gason nonplis.

#8: Nenpot ladan yo,men nan epòk pa gen lekòl wi.

#3: Wi.

Nan epòk pa gen lekòl?

Piblik: Wi.

**Ou konn fè sa nimewo 8?**

#8: Wi.

**Ti moun ki konn ale avèw yo se pitit pa'w oubyen timoun ki ret avèw?**

#8: Non,pitit mwen.

**Ou ale ak Ti fi oubyen ak ti Gason ?**

#8: Ni ti fi,ni ti gason.

**E ou nimewo 4,ou konn mennen timoun avèw nan mache ?**

#4: Wi pitit mwen. Ni ti fi ni ti gason.

(yon kòk ki chante)

**E ou nimewo 7 ?**

#7: Wi m'konn mennen pitit mwen pou...(pawol la pa soti kle,patisipan an bege),m'konn mennen yon vwazinaj.

#4: Gen de pafwa m' ale ak mari'm.

### **Nimewo 3**

#3: Wi tout se menm bagay, (yon lot patisipan di:"menm bagay") menm kesyon an.

### **Nimewo 12, ou pa tèlman pale non?**

#12: M'sot pale talè a,m'kite pou yon lòt fè yon pale.

M'toujou mennen ptit mwen.

### **Nan mache ki pi lwen yo nou mennen ni ti fi ni ti gason?**

#4: Nan mache ki pi lwen a yo,mwen enm ak mari'm k'ale.

#3: Bon! pou nimewo 3 e e jan'm di'w la nan mache ki pi lwen yo, brasè yo kòm si m'ta di'w se frè yo ye. M'gendwa (yon kòk ki chante) achte 10 kabrit kolèg sa achte 10. Nou len ap voye je sou lòt (yon patisipan di : Nou len mache ansanm). Nou mache ansanm,nou youn pa kite lòt.

Patisipan pa idantifye : Nou len mache ansanm,yon sèl kabrit la mennen tout?

#3: Yon sèl kabrit la mennen tout nèt, tout latriye a. Chak moun konn pa yo

#7: Chak moun konn pa yo,chak moun kenbe pa yo.(patisipan sa bege)

(Plizyè patisipan ap pale ansanm pawòl yo pa klè)

#3: Chak moun konn pa yo.

Patisipan ki bege a di : Lè chak moun pral lakay yo, yo kenbe pa yo, chak moun kenbe pa yo.

### **Kòman nou fe diferansye yo si tout ansanm ?**

Piblik: N'ap sonje yo. Li sou papye a.

#4: Li sou papye a yo,tout plimay la sou papye a wi.

#3: Mewi ou konnen ,yo ba'w on lèse pase.

**Anh ok se nan papye a nou gade pou nou ka rekonèt yo sou plimay ? Sa pa konn rive pou genyen ki toke ?**

Piblik: Non,yo pa konn toke. Yo pa toke. Nou gentan diferansye yo.

#8: Lè n'al nan mache pafwa, nan yon sèl jou ou paka achte kabrit ki pou ki pou antre mele non,pafwa w'al nan mache a si gen nou 4,5 brase, nou ka achte 4,5, men..

**Men tande, si nou 3 achte 4,5 sa gentan fè anviwon 15.**

Piblik: Wi

**Sa vle di malgre nou menm kote, nou chak a 4,5 kabrit yo pap mele?**

Piblik:Non, yo pap mele.

#4: Yo tout pa menm gwosè,yo tout pa menm pri,

#3: yo tout pa menm koulè.

#4: Yo tout pa menm koulè.

Patisipan pa idantifye : Yo pap mele non.

#8: Lè fini ou wè ou wè nan kòd ki ki ki nan kou yo a g'on diferans ki fèt ladan.Swa m'vlope tout kòd pa'm yo nan kou yo, li menm swa li li li vlope'l yon fason m'vlope'l yon fason. Nou tout rekonèt pa nou yo.

**Ok mwen pral poze nou yon kesyon ke nou ap ka reponn trè byen paske nou tout la konn achte anpil kabrit pou vann ak pou gade. Lè nou al achte on dizèn kabrit, konbyen ladan ki pou vann ? konbyen ki pou gade ?**

#3: Eee bon, nimeswo 3. Si mache a gen 10 kabrit, ou menm si'w bezwen yon kabrit pou'w gade se pa pou'w al revann, w'ap chwazi yon kabrit ki ki gen avni,ee ou wè ki ka

grandi, ki ka bòw avantay w'achte'l. Ou pa achte yon ti kabrit chetif ou wè ki pa geee, ki pa gen avni.

**Mesi pou repons lan men ou yon ti jan pase a kote, sa mwen vle di se tankou la si ou ap achte 10 kabrit, konbyen ladan yo w'ap gade ? konbyen ladan yo w'ap vann ?**

#8: W'ap jwennnn 60% achte pou pou yo tiye.

**Pou yo tiye ?**

#8: 40%, sa vle di w'ap jwenn 4 kabrit yo pral gade. Epi w'ap jwenn 6 ki pral tiye. paske yo tiye plis kabrit ke gade.

**Oke e brasè yo yo pa achte ?**

#8: Brasè! wi, wi (gen yon lot patisipan ki di wi ansanm ak #8) paske si yo gen 10 ki vann brasè a ap achte ladan. W'ap achte, brasè a ap achte 6 ladan. Epi w'ap jwenn lòt moun achte 4. Men konsa tou w'ap jwenn li yon lòt fason (yon kòk ki chante) gen de epòk w'ap rive.

**Ou banm plizyè ka la, plizyè chif. Ou di'm 4 ka pou gade,4 pou brasè achte etc..e sa yo ap rache pou vann nan?**

#8: Mache ? pou nan mache a ?

**Enh-Enh.**

#8: Pou nan mache a, mache a, w'ap ka jwenn yo tuye yon 2 ladan konsa. 2 ou 3.

**Ok donk nan 10 la se 2 ou 3 sèlman yo ka tiye pou vann nan mache ? E konbyen nou ka jwenn pou gade sou 10 kabrit ?**

#8: Sa depan de selon mache a tou.

**Ok mwen m'ta renmen konn konbyen yo tiye, konbyen yo gade e konbyen brasè achte nan 10 kabrit ?**#8: Bon pou 10 w'ap jwenn yo tuye 2, w'ap jwennbrasè achte, ah! brasè ap achte 4, w'ap jwenn 4 tou (yon patisipan di pou gadè) pou'w gade.

**Ok.**

#8: Paske (yon kòk ki chante), nou kapab di kabrit la se youn nan resous moun nan milye rural fè plis konfyans pou yo leve swa pitit lekòl yo, swa pou yo travay, swa pou yo fè aktivite'k genyen.

(kout Silans)

**Nou menm ki ap gade kabrit, ki ap achte kabrit pou'n revann. Ki kantite kabrit nou gen nan patiraj nou konsa ?**

(gen vwa yon dam ki pa pre ki ap pale tou ba)

#8: Sa depan, sa depan de posiblite chak brasè oubyen chak gadò. Le'w gen timoun lekòl kabrit la pa mize nan men nou, Sa vle di menm lè'w achte semèn sa ou g'on ti posiblite w'achte on 5,6 kabrit aprè 2 mwa tou ou ka revann li. Men an minimòn nou menm antanke brasè nou ka gade o mwen 6 kabrit la kay nou.

**Oke, pou moman konnya la konbyen kabrit nou gen nan patiraj ?**

#8: Bon konnya la, bon chak moun g'on on posibilité. Pou konnya m'gen 8 wi.

**Oke. E ou menm nimewo 4 ?**

#4: Bon ! mwen menm (yon kòk ki chante) lè'm gen kòb nan menm m'ap achte komès, kòb la se kòb ponya'l ye (vwa yon moun ki nan antouraj la ki pa pre ki di :" Patrick, w'ap soti ? ". M'achte komès m'al revann. Konnya kabrit mwen gen nan patiraj mwen pou kont mwen m'ka gen 4 kabrit nan patiraj mwen pou kont mwen. Men lè machte komès kabrit pou'm al vann se vann m'al vann.

**Nan men kiyès ou pran ponya ?**

#4: M'pran ponya, m'pran nan FONKOZE.

(Kout silans)

**Islande : Li gen ajan bò isi a ?**

#3: Wi

**Islande : Oke,e ou menm nimewo 7 ?**

#7: Bon! Konnya la kabrit m'genyen m'te, m'gen 3 kabrit mwen menm pou'm gade.

**Kiyès ankò ki vle di yon bagay sou sa ?**

#12: Mwen menm m'gen 2 paske'm pa gen posiblite, pou'm gen pi plis.

**Oke Nimewo..**

#3: Nimewo 3, Eee aprè tan an m'pèdi 6. Konnya yon sèl gress, gress m'genyen.

**E nou menm konbyen nou pèdi aprè tan an? nimewo 8 ?**

#8: 16.

**E ou menm nimewo 4 ?**

#4: M'te pèdi 9.

**E ou menm nimewo 7 ?**

#7: M'te pèdi 11.

**Nimewo 7 ou te pèdi 11 ?**

#7: Wi.

**Nimewo 12 ?**

#12: M'te pèdi 7.

**E ou menm nimewo 3 ?**

#3: M'di sa déjà wi on sèl m'te pèdi 6 konnya m'gon sèl gress la.

**Move tan sa fe nou fe bak !Oke, dènye kesyon mwen pou nou se, ki diferan fason ke nou manje kabrit bò isit la ?**

(genyen vwa plizyè moun ki lwen ki ap pale)

#3: Bon,nimewo 3 k'ap pale (yon kòk chante) sa vle di jan nou manje kabrit eee pa epzanp se pafwa on machann touye kabrit la nan mache n'achte vyann nan. Pafwa tou ou ka g'on bagay w'ap fè lakay ou swa kèk batèm,ou ka achte yon kabrit pou'w touye nan batèm nan. Se konsa nou nou manje'l wi bò isit la.

**Lè'm mande Kòman nou manje'l la, mwen vle di èske nou manje'l fri, bouyi eksatera?**

Piblik: WiNou manje'l fri, nou manje'l bouyi.

(yon kabrit yon jan lwen ap rele)

#8: Nou manje san kabrit la,nou konn fè ragou ak pye a,avèk trip, nou fè ragou. Sa bon anpil ak bannann (yon kabrit ki yon jan lwen rele) ak bannan po ban oubyen banann miske epi nou manje'l fri, nou manje'l bouyi tou nou konn mete'l bouyi anba anba yanm pou'n manje.

**Nou pa konn seche vyann kabrit la?**

(gen vwa plizye jenn ti fi ki pa pre ki ap bay blag)

Piblik: Wi

#8: Wi, nou konn fime'l met sou tòl.

(gen yon patisipan ki t'ap pale ansanm ak #8 ki di: Nou fime'l)

**Nou konn fime'l met sou tòl ?**

#8: Wi

**Konbyen tan yon vyann nou fime ka konsa ?**

#8: Lè'w fin fime'l li ka ba'w nenpòt nenpòt 3 mwa 3 mwa wi. Tankou tankou yon vyann bëf la ou gen dwa fime vyann bëf la li ba'w anpil tan wi li pa gate non.

### **Pou nou fime'l nou sou dife ? pann?**

#3: Wi pann oubyen nou mete'l sou do tòl pou'l sèch, nou seche'l.

(Plizyè moun ap pale an menm tan)

Patisipan pa idantifye : Nou pase'l ti solèy.

#8: Lòt bagay nou fè avèk kabrit la ankò (yon kòk chante) nimewo 8, nou konn jwenn po a nou vann po a yo pou yo fè tanbou.

### **Anh ! nou konn vann po bò isit la ?**

#8: Wi po kabrit la pou fe tanbou.

#3: wi sa vle di gen kabrit nou touye,nou kòche'l nou retire po a. men genyen nou touye tou se dlo a nou vide sou li nou grata'l ,yo yo yo nou pann yo avèk tout po a.

### **Sou 4 kabrit yo touye bò isit la konbyen nou kòche ?**

#3: youn.

### **Nou koche youn epi nou kite 3 ak po?**

#3: Wi.

### **Ki kote nou konn vann po kabrit la yo?**

#8: Gen moun nan zon nan nimewo 8, gen moun nan zon nan ki konn kouvri tanbou,epi yo konn achte po sa yo, men'l pa souvan ap fèt non.Men pafwa lè gen lè g'on moun g'on po li konn al vann li swa nan mache Leyon ou nan mache Mafran lè pa g'on moun nan zòn nan k'achtel.

### **E kòn kabrit la kisa yo konn fè avek li ?**

#8: Nou pa itilize kòn kabrit laaa, eee nou pa ganyen'n fè avèl.

#3 Bon gen kote...

#4: Kabrit la gen 2 kòn sa'k anwo a nou wete'l nou jete'l, men lòt piti a,tipiti ki anndan'l lan mou.

## **#8 Yon ti zo.**

### **Zo klidoup**

#3: Gen de kote yo touye kabrit la,m'wè yo pran kòn kabrit la,yo fè kòm yon atizana avèl,yo konn fè yon ti yon ti po ban avèl ,yo met bagay ladann,gen moun ki konn met bagay ladan bwè.

### **Hmm oke,nan ki zòn ?**

#3: Bon pafwa m'konn wè, m'konn wè'l isi wi,gen moun m'konn wè ak kòn kabrit la isi.

### **Ok ou di ou konn wè yo fè sa isi?**

#3: Wi pafwa m'konn wè'l nan men on moun.

**Ou konn wè'l nan men moun,men èske yo konn achte kòn nan isit la pou yo fè sa ou konn wè a oubyen se lòt kote li soti?**

Piblik: Non yo pa achte kòn nan. Yo pa itilize'l.

#3: Ou gen dwa tiye kabrit la ou retire kòn nan'w jete'l epi moun nan wè'l ka sèvi'l li pran'l li fè yon bagay avèl.

### **M'konprann. Eske gen nan nou la ki konn touye kabrit tou ?**

(gen vwa fi, ki pa pre, ki ap pale)

#8: Touye pesonèl,nou touye lakay nou men nou pa konn konn.

## **Nou pa konn touye pou moun ?**

Patisipan pa idantifye : Non

#3: Pou moun, m'konn touye pou moun.

## **Lè'w touye pou moun, kisa yo ba'w kòm rekompans ?**

#3: Yo banm yo banm kou kabrit la,lè fini yo yo yo kwit san yo banm ladan.

## **Oke men yo pa konn peye'w ?**

#3: Non.

**Oke.**

#3: Depi yo bo'w kou a e e e limenm ki lajan pa'w la.

## **E li menim ki lajan pa'w la?**

#3: Wi

## **Sa pa konn rive ou di yo vann kou a bò'w lajan an?**

#3: M'pa konn di sa.

## **Ebyen oke,ki avantaj nou jwenn (yon kòk chante) nan kabrit nou pa jwenn nan lòt bêt yo,tankou mouton,kochon, bèf ?**

#8: Avantaj #8, avantaj nou gen nan kabrit nou pa jwenn nan lòt bêt, li bò'w lajan pi vit pou peye ee pou timoun lekòl ou,paske se avèk kabrit nou prèske fè pi fò bagay nou ka fè. Gen de ti lajan'w bezwen, fòk s'on kabrit pou'w vann,ou pa bezwen al vann bèf pou li. E kabrit la,li pa mande fatig menm jan avèk yon kochon,ou'k ou ka ma,chanje'l nenpòt kote'w jwenn depi, nenpòt kote'w jwenn manje a,men ki diferan avèk ee mouton oubyen avèk on bèf oubyen avèk kochon..Kochon an ou gen plis esklavay,e kabrit la bòw ptit pi souvan,malgre'i pa baw anpil kabrit, men'l fè ptit pi souvan.

#3: Lòt a, lòt avantaj nou jwenn nan kabrit la ankò sè ke vyan, vyann kabrit la gen plis vitamin ke vyann kochon an. Vyann kochon an s'on bagay ki bay bon gou nan bouch men w'ap wè anpil moun vini la, yo touye kochon an li pa manje, men depi se kabrit la, l'ap manje'l kanmèm.

#8: Kabrit la li gen plis renmen ke vyann bèf. Paske lè'w vann, le al nan mache ou tiye on kabrit li vann pi vit ke yon vyann bèf ni vyann kochon.

## Oke

(#7 ak #3 ap entèvni an menm tan, pawòl # 3 sonnen pi klè)

#7: Vyann kabrit pote 12 mwa, vyann bèf pote 6 mwa.

#3: Vyann bèf la g'on kesyon de tansyon y'ap kontwole ladan tou.

## Lè'w di vyann kabrit pote 12 mwa, sa vle di kisa ?

#3: Li gen avantay pou gram pase vyann bèf la.

**Anh, oke. Kiyès moun k'ap di yon bagay ankò? Jackly, (yon patisipan di: Li genlè nan dòmi) Jackly. Rele'l pou mwen. pa gen moun k'ap di yon bagay ankò?**

#8: Sa'm ta renmen aprèe entèvansyon sa yo, nou ta renmen g'on filbak deeee (#4 di: De sa'k sot fet la) de sa'k sot fèt la. nou pa ta renmen fè'l pou fè'l men n'ta renmen g'on filbak oubyen on on kòman'l ateri. Nou pa di s'on bagay ki pral fèt men'n ta renmen konn aterisay li. Eee kote'l soti ki kote'l prale pou'n ta gen yon filbak de li menm aprè jounen jodi a.

**Ok, pa enkyete'w. Se pou sa nou la, se pou sa nou pran nimewo telefòn nou tou. Paske ankèt la pap rete la, gen kèk lòt enfòmasyon yo ka bezwen yo rele nou pou mande nou. Enfòmasyon nou pran jodi a se pou nou ka konnen kòman elvaj kabrit fèt nan zòn nan , kòman gadò yo fè, ki diferan bagay nou fè ak kabrit. Yon fason pou pi devan nou ka eseye devlope meyè strateji pou nou ede nan devlopman zòn nan epi ede nou tou.**

**Mèsi anpil**

Piblik: Mèsi.

**Mèsi pou pasyans nou.**